# dàqleen Laylatul Xadri ci fukk yi mujj ci weeru koor

Jële nañu ci Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «dàqleen Laylatul Xadri ci fukk yi mujj ci weeru koor».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc soññee na ci pasteefu ci dàkk Laylatul Xadri ci di baril ay jëf yu baax, moom nag fa gën a yaakaaru mooy mu nekk ci guddi yu wéet yi ci fukki fan yu mujj yi ci weeru koor ci at mu nekk, te mooy: ñaar-fukk ak benn, ak ñaar-fukk ak ñatt, ak ñaar-fukk ak juróom, ak ñaar-fukk ak juróom-ñaar, ak ñaar-fukk ak juróom-ñent.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4540